**आकाशवाणी, गोरखपुर**

**दिनांक–06 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अपने गोरखपुर दौरा के दुसरका दिन्ने कई गो कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। एगो रिपोर्ट–

***अपने दौरे के दूसरे दिन मुख्यमंत्री ने आज सुबह गोरखनाथ मंदिर परिसर में आयोजित जनता दर्शन कार्यक्रम में करीब 200 लोगों की समस्याएं सुनीं। इस दौरान उन्होंने गंभीर बीमारियों के इलाज के लिए आर्थिक सहायता की मांग करने पहुंचे लोगों को आश्वस्त किया कि वे उच्चीकृत अस्पताल से इस्टीमेट मंगवा लें, इलाज खर्च में सरकार भरपूर आर्थिक मदद करेगी। मुख्यमंत्री ने भाजपा के 47वें स्थापना दिवस पर गोरखपुर महानगर के मानसरोवर रामलीला मैदान में आयोजित समारोह में भी हिस्सा लिया। इस अवसर पर अपने सम्बोधन में उन्होंने कहा कि अपने संस्थापकों के सिद्धांतों, मूल्यों व आदर्शों पर आगे बढ़कर तथा कार्यकर्ताओं के समर्पण भाव से ही आज भाजपा देश ही नहीं, दुनिया की सबसे बड़ी राजनीति पार्टी के रूप में प्रतिष्ठित हुई है। श्री योगी गोरखपुर के सिविल लाइन में आयोजित गोरखपुर जर्नलिस्ट्स प्रेस क्लब की नवनिर्वाचित कार्यकारिणी के शपथ ग्रहण समारोह में भी शामिल हुए। इस अवसर पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री ने पत्रकारिता के अलग–अलग आयामों प्रिंट मीडिया, विजुअल मीडिया, डिजिटल मीडिया और सोशल मीडिया के बीच परस्पर समन्वय की आवश्यकता पर बल दिया। उन्होंने कहा कि यह जरूरी है कि मीडिया के सभी अंग समान मानक, मूल्यों और आदर्शों के अनुरूप आगे बढ़ें। इसके बाद मुख्यमंत्री ने दिग्विजयनाथ पीजी कॉलेज में आधुनिक प्रयोगशाला का उद्घाटन किया। इस दौरान अपने सम्बोधन में उन्होंने कहा कि कॉलेज की कंप्यूटर लैब इमर्जिंग टेक्नोलॉजी, शोध–अनुसंधान और नवाचार को बढ़ावा देने में विद्यार्थियों के लिए काफी मददगार साबित होगी। गोरखपुर से गिरीश नारायण चौबे की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु श्री बाबा गोरखनाथ कृपा दुग्ध उत्पादक संस्था गोरखपुर के विस्तारीकरण के तहत आजमगढ़ जिला में नया बनल दुग्धअवशीतन केन्द्र के सुभारम्भ कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि ई पहल ग्रामीण अर्थव्यवस्था के मजबूत कइले, दुध उत्पादन के बढ़ावा देवे आ मातृ शक्ति के आर्थिक रूप से मजबूत बनवले के दिसा में एगो महत्वपूर्ण कदम हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री पौधो लगवलें।

**********

केन्द्र सरकार पांच किलोग्राम के एलपीजी सिलेंडर क आपूर्ति बढ़ा दिहले हौ। वैध पहिचान पत्र देखवले पर एलपीजी वितरक–काउंटर पर ई सिलेंडर उपलब्ध होइहें। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय बतवले हवे कि येह सिलेंडरन क दाम बजारि रेट पर रक्खल गइल हौ आ एकरे खरीदि बदे कउनों पता वाला प्रमाण पत्र क जरूरति नाही बा। मंत्रालय बतवलस कि एलपीजी वितरण केन्द्र पर येह सिलेंडरन क कउनों कमी नाही हौ। मंत्रालय जोर दिहलस कि पेट्रोल, डीजल चाहे रसोई गैस क देस में कउनों कमी नाहीं बा आ घबरा के खरिद जरूरी नाही हौ। येह बिच्चे सरकार पाइप लाइन से प्राकृतिक गैस के आपूर्ति क दायरो बढ़ा रहलि हौ। जमाखोरी आ कालाबाजारियो रोके बदे कड़ेर निरदेस दीहल गइल बा।

**********

राष्ट्रीय महिला आयोग क अध्यक्ष विजया रहाटकर कहले हइनि कि देस में महिलन क सुरक्षा आ गरिमा सुनिस्चित करे बदे मजबूत कानून हौ। नई दिल्ली में आकाशवाणी की ओरि से आयोजित 'महिला केन्द्रित मुद्दन पर सशक्तिकरण पहल' विषय पर कार्यसाला के सम्बोधित करत उहां के लैंगिक संवेदनसीलता के जरूरति पर जोर दिहलीं।

***हम सब जब पॉजिटिव माइंडसेट को अप्लाई करते है, तो स्वाभाविक रूप मे हम, हमारी ऐसी अनेक ताकतों को बरकरार रखते हुए हम आगे बढ़ भी सकते हैं। पॉजिटिव माइंड के साथ–साथ जो जुड़ा हुआ है। वो जुड़ा हुआ है जेंडर सेंसिटाइजेशन और उसी के साथ–साथ हम जेंडर सेंसिटाइजेशन को लेते हुए एक ऐसी इकोसिस्टम बनाना चाहते है, जहां हर एक व्यक्ति को समान अवसर और समान सम्मान प्राप्त हो।***

येह मौका पर आकाशवाणी क महानिदेसक–समाचार धीरज एम. काकड़िया कहलें कि कार्यस्थल सुरक्षित आ न्यायपूर्ण होखे के चाही।

***महिला सशक्तिकरण के जो–जो कानून है उनकी हमारी बहनें–बेटियां समझे। नहीं तो कानून, कानून ही रह जाता है। तो ऐसी हम सीरिज चलाना चाहते हैं। तो हम ऐसा आकाशवाणी केन्द्र बनाना चाहेंगे इस कैम्पस के अंदर सब लोग सुरक्षित महसूस करें। महिला को अन्दर आने से किसी का डर ना हो किसी का एक्सप्लाईटेशन न हो।***

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी जिलन में आजु आ बिहने कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक येह इलाकन में बिहने कहीं–कहीं बिजुली गिरले आ तेज झोंकेदार बेयारियो चलले क अनेसा बा।

**********